Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 12 (7516)
24 март
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Районалъул Собраниялъул заседание



24 марталда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул актовияб залалда букIана районалъул депутатазул микьабилеб ахIиялъул заседание.

Гьениб къойил темаялде росун рукIана муниципалитеталъул бетIерасул заместитель Хъ-М. Г1абдулхаликъовасул «202I соналъул социалиялгун экономикиял хIасилазул ва 2022 соналда цере чIарал масъалаби» абураб доклад, муниципалияб районалъул администрациялъул финансовияб отделалъул начальник Ж. Шамсудиновасул «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул 202I соналъул бюджет тIубаялъул хIакъалъулъ» информация, «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» МКУялъул начальник Мух1астан МухIамадовасул «202I соналъул ич1абилеб сентябралда къват1ибе бач1араб муниципалияб районалъул муниципалитеталъул ракьул гIорхъаби чIезариялъул рахъалъ къабул гьабураб Положениялда хиса-басиял ва тIадежураял гьариялъул хIакъалъулъ» информация. Муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерав архитектор ХI-М. ГIабдурахIмановасул «Унсоколо район» МОялъул территориялда гIадамазе хIалхьи гьабиялъе шартIал гIуцIиялъе бугеб Положение тасдикъ гьабиялъул» рахъалъ информация, ЖамгIияб палатаялъул пред. М. МухIамадовасул «Унсоколо район» МОялъул ЖамгIияб палатаялъул членал тасдикъ гьариялъул хIакъалъулъ»- информация. «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» МКУялъул нач. М. МухIамадовасул «Унсоколо район» МОялъул буголъилъун кколел муниципалиял гIумро гьабулел гурел помещенияздаса пайда босиялъул арендаялъулаб ставкаялда, аукционалда рекъон гьел хIалтIизаризе къотIи-къай гьабиялъул яги арендаялъулалгун конкурсалъул къагIидаби тасдикъ гьариялъул хIакъалъулъ» информацияги.

Гьединго «ХъахIабросдал сельсовет» МОялъул депутатаз запрос гьабуна электроэнергиялъул напряжение дагьаб бук1иналда хурхун.

«Сельсовет Иштибуринский» Собраниялъул депутатазги запрос гьабуна ЦIатIанихъ, ИштIибури, Колоб гIадамал чIолел пунктазда миниэлектростанциял ралел рукIиналда бан.

Экономика

## Харбал рижунгутIизе

I7 марталда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас гьабуна Оперативияб штабалъул районалда экономика цо ккураб хIалалда чIезабиялде буссараб данделъи. Гьениб бицен ккана гIумро гьабиялъул шартIазда тукабазда тIоцебесеб кIваралъул лъун кколел хIажатал продуктабазул ва цогидалъулги багьаби рорхизе тунгутIиялъул ва гIиси-бикъинабгун гьоркьохъеб бизнесалъе кумек-кверчIвай гьабиялъул суалазда. КIалъалаго гьес абуна: «Жакъа чара гьечIого хIажатал тIагIамазул рахъалъ хадургъунгутIаби нилъер гьечIо. ХIалтIулаб группаялъ щибаб къойил мориторинг гьабула кванил продуктабазда хурхун, хехаб куцалда тIад хIалтIи гьабула гIиллаго гьечIого багьаби рахинарулел ругони. Гьел цIикIкIараб къадаралда тIаде рахине тунгутIиялъе республикаялъул Правительствалъ киналго шартIалги чIезарун руго. Гьеб рахъалъ бугеб хIал гIадамазда лъазабизе ккола»,-ян тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.



Гьалде тIадеги бетIерас тIадчIей гьабун бихьизабуна батIи-батIиял харбал рижизе нух гьечIин, гьелъул гIаксалда рес бугин жидерго маг1ишат цебе бачине, гьелъие нилъер районалда гIурал ресалги ругин.

## Районалдаса – 7 тонна гумаритарияб кумекалъул



Рагъуца загIипаб хIалалде ккезабураб Донбассаялъул гIадамазе гуманитарияб кумек гьабиялъе хIаракатаб хIалтIи гьабуна районалда. Гьедин мецинатазулги жидеего бокьун кумек гьабулезул къуваталдалъунги данде бакIарана 7 тонна гуманитарияб кумекалъул. Гьедин нилъер районалдаса къварилъи ккаразе битIана ханжу, чакар, гречка, семичкадул нах, тIоцебесеб кIваралъул продуктаби ва дараби.

Гьеб ишалъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Дагъистан республикаялъул Халкъияб Собраниялъул «Единая Россия» партиялдасан депутат, нилъер ракьцояв МухIамад ГIабдулмажидович МухIамадовас, бакIарараб къайи кколелъубе щвезабиялъе х1алт1и гьабуна районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас, «ЕИС МБУялъул» нухмалъулесул ишал тIуралев Х. ХIайбулаевас ва цогидазги.

ГьабсагIаталда гьединал акциял унел руго киса-кирего Россиялда. Нилъер республикаялдаги хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго рагъ бугел бак1азе гуманитариб кумек гьабиялъе.

РакI-ракIалъулаб баркала буго гьелда гъорлъ бутIа лъуразе!

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 12
Хамиз
24 март 2022 сон

2 гъумер

3I марталда Халкъияб Собраниялъул депутатазда цеве кIалъазе вахъине вуго С. Меликов. Гьес бицине буго Правительствалъул хIалтIул хIакъалъулъ.
Парламентариялъ гьоркьоб лъезе буго 23 суал. Депутатазда ракIалда буго Каспийск шагьаралъе «Город трудовой доблести» абураб цIар кьеян улкаялъул Президентасда цебе суал лъезе

# Аппараталъул данделъи



Гьал къоязда районалъул администрациялда тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьеб бачана бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Байбихьудаго ГI. НурмухIамадовас данделъаразул лъай-хъвай гьабуна цIи тIамурав бетIерасул заместитель КъурамухIамад ХIасановасулгун. Гьесие гьарана кIвар цIикIкIараб хIалтIулъ бергьенлъаби. Хадуб бетIерас ракIалде щвезабуна рагъал унел ДНРалъул ва ЛНРалъул гIадамазе гуманитарияб кумек гьабиялъул. Гьенир унел ахирисел лъугьа-бахъиназда хурхун (Instagram и Facebook) соцсетазулъ Роскомнадзоралъ гьезул реестразулал ресурсазухъги балагьун, гьел хIалтIи-заричIого тезе ахIана интернет хIалтIизарулел.

Данделъиялда бетIерас анализ гьабуна араб данделъиялда кьурал, хъаравуллъиялда гьоркь ругел тIадкъаял тIураялъул. Къокъго абуни хасго «I00 школ» федералияб программа гIумроялде бахъинабулеб бугеб куцалда хурхун тIадчIей гьабуна. Гьединго бицана ЕГЭ кьеялде хIадурлъиялда хурхун суалазул, гьаризе цере ругел спортивиялгун культуриял тадбиразул, тIадчIей гьабуна районалда росдал магIишаталъул ярмарка гьабиялда, патриотизмалъул рухIалда гIолеб гIел куцаялде пикру буссинабуна.

Администрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиевалъ кIвар буссинабуна гIахьаллъаразул хIалтIулал ишал тIубаялъулъ бугеб гIадлуялъул. ГI. МухIамадовичас данделъиялъул хIасилал гьарулаго протоколалъулал тIадкъаял кьуна жавабиял хIалтIухъабазе, тIадчIей гьабуна тIад къараб хIалтIи жиндир заманалда тIубазабизе ккеялда.

# Росдал магIишаталъул ярмарка




2I марталда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон Шамилькъалаялъул анкьил базар букIунеб майданалда гIуцIун букIана росдал магIишаталъул продуктаби ричулеб ярмарка. ТIоцебесеб хIажалъиялъул продуктаби гьеб къоялъ базаралда рукIана гIезегIанго гIадамазе кумек букIунедухъ учузго.

Аслияб къагIидаялъ ярмарка гIуцIиялъул иш тIаде ккана райадминистрациялъул росдал магIишаталъул отделалде. Гьенир гIадамазе гIодобегIанаб багьабазда чара гьечIого хIажалъулал продуктаби чIезаруна «Зирани» СПКялъ, «Гараж», «Орион», «Яблоко», «Мурад», «Магомедали», «Аминат», «Борец» КФХязги.

Ярмарка хIалтIизе байбихьана радал сагIат 8 тIубараб мехалъ. Къокъаб заманалда жаниб бичун лъугIана цIикIкIараб къадар продуктабазул. Гьениса гIадамаз босулеб букIана бакIалъулаб картошка, капуста, ламадур, гьан, гьоцIо, гIурччинлъи, нису, нах, хIан ва гIемераб цогидабги. Цо-цо гIадамазухъа картошка босизе щолеб букIана 30-40 гъурущалде, капуста – 35 ялде, гьан -300 гъур., хIан – 280 гъурущалде.

Гьадинаб заманалда гьеб чиясул рукъалъе гIезегIанго к1удияб кумеклъун ккола.

# Ракьазул ва объектазул суалалгун



Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана РДялъул Росреестралъул управлениялъул вакилзабиги гIахьаллъараб, ЕГРНалъул щоларел баянал ракIариялъул, щвезариялъул бицунеб данделъи. Данделъиялда гIахьалъана бетIерасул зам. Хъ. ГIабдулхаликъов, «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» МКУялъул нач. М. МухIастанов ва цогидалги.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас данделъаразда бицана къойил тема – цереккун хIисабалде росарал недвижимосталъул объектазул ихтияр кодосев валагьиялъул суалалъул. Гьес салам кьуна гьалбадерие. Гьезда гьоркьор рукIана ХIажи МухIидинов – ФГБУялъул муниципалитетазда гьоркьосеб отделалъул нухмалъулев ва гьесул зам. ГIумар ГIумаров.

Лъалеб букIахъе церего рихьизарурал объектазул ихти яр бугезулгун хIалтIи гьабула РДялъул Росреестралъул управлениялъ, РДялъул Ракьазулгун буголъиялъул ишазул Министерствалъ. Къуваталде ана РФялъул «О внесении изменений в отдельные законодательные акты РФ»,- абураб 202I соналъул 29 июналда хIалтIизе лъугьараб законалда рекъон.

Гьедин Дагъистаналъул буголъиялъул Министерствалде битIун буго Унсоколо районалъул росабазул гIадамазул список, киналго объектазул; 5087 ракьул участка ва I728 капиталияб бараб бакI бугеб. Гьезда цадахъ буго бутIрузул рекомендациялги.

Гьеб хIалтIи гьабулаго дандчIвана гIемерал захIмалъаби. Гьелъул хIакъалъулъги бицана данделъиялда. ХI. МухIидиновас чIванкъотIун бутIрузда бичIчIизабуна щибаб ахIвал-хIалалда ишалъул ин, хасго захIмалъаби дандчIварал бакIазда. «ГIемерисел гьел кадастровиял номеразда рекъон бичIчIулел гьечIел бакIал ругездаса хIисабалдаса рахъизе бегьула батIи-батIиял гIиллабазе гIоло. Мисалалъе, минаялъул кадастровиял номеразда ратизе бегьула жибго букIин чIезабизе рес гьечIел объектал. Ратизе бегьула гIемерал номерал дубликатал церего анулировать гьаризе бегьулел»,-ян бихьизабуна гьес.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна данделъиялъул гIахьалчагIазе ва лъазабуна «Киналго рихьизарурал вариантали тIуразарун гьеб хIалтIи камиллъизабиялъе, законнияб куцалъ гIумроялде бахъинабиялда хурхунги божилъи гьабизе бокьун бугин».

# ДандчIай букIана

2I марталда районалъул администрациялъул актовияб залалда букIана муниципалитеталъул школалъул гIумроялде рахинчIел лъималазул лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулел гIахьаллъараб данделъи. Гьеб гьабуна районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев Къ-М. ХIасановас.

ДандчIваялда бицана ясли-ахазул нухмалъулезул аттестация гьабиялъул, гьениб хинаб ва качествениyяб квен чIезабиялъул, гьединго АИС «ЭДСалъул».

Тарбия кьей: эбел-инсул данделъи

# Лъимал диниялгун хъизаналъулал къиматал хазинабазде куцазин



I8 марталда Шамильхъала поселокалда букIана районалъул школлъималазул эбел-инсул гIаммаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана Унсоколо районалъул имамазул Советалъул пред. МухIамад ГIабдулвахIидов ва Хасавюрт шагьаралъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан ГIусман Шейховги. Гьенивго вукIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, Россиялъул ОМВДялъул районалда вугев нач. Э. МухIамадов ва цогидалги.

Данделъи байбихьана Къуръаналдасан аятал цIалиялдасан. Хадув кIалъазе вахъарав ГI. НурмухIамадовас лъималазул эбел-инсуде хитIаб гьабуна. «Личность щвалде щваравлъун лъугьиналъе бищун кIудияб роль тIаде ккола эбел-инсуде, лъималаз хIаракат бахъула гьезда релъараллъун рукIине, гьездасан мисал босула. ГьединлъидаI гIисинго лъимал куцазе ккола исламалъул къануназда рекъон. Нилъер аслияб мурад буго лъимал кинабниги заралабщиналдаса цIуни, гIисинго гьезие битIараб тарбия кьеялде цIодорго кIвар буссинаби,-абун.

Районалъул имамазул председателас ГI. НурмухIамадовасе ва МВДялъул нухмалъулев Э. МухIамадовасеги кьуна Баркалаялъул Кагътал ва къиматал сайгъатал.

Данделъиялда бицана жакъасел захIмалъабазул; телефоназул, гаджетазул, суалал хъатIана лъималазе битIараб тарбия кьеялда.

ГI. Шейховас ва кIалъазе рахъараз бихьизабуна лъимал хъаравуллъиялда гъоркь чIезареян, диналдехун лъикIаб гьоркьоблъи, ай гьезулъ хъизаналъулал къиматал г1амалал куцаян. Ахиралда эбел-инсуе баркала загьир гьабуна М. ГIабдулвах1идовас.

Лъим бахъи

# «Дагъсельстрой» - ХарачIи росулъ



Араб анкьалда ХарачIи росулъ дандчIвай букIана РДялъул «Дагъсельстрой» ГКУялъул хIалтIухъабазулгун. Гьеб гIуцIун букIана организациялъул директор М. Юсуповасги «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасги. Гьелъие аслияб гIиллалъун букIана 2020 соналда ХарачIи росулъ гьабураб объект кьабул гьаби. Гьелъул заказчик ккола РДялъул ГКУялъул «Дагъсельстрой», подрядчик -«Строй-контроль» ООО.

Комиссия гIуцIун букIана РДялъул ГКУялъул РСТ ва КСалъул отделалъул нач. Н. МухIамадовасдасан, «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул архитектор ХI-М. ГIабдурахIмановасдасанги. «Строй-контроль» ОООялъ хал гьабуна объект балаго риччан ругел гIунгутIабазул, проектнияб документация гьабулаго ругел ричча-рихъан теязул. Комиссиялда цадахъ рукIана ХарачIи росдал бетIерасул зам., росдал депутатал ва актив.

Хал гьабуна кинабго рахъалъ линейнияб объектазул; иццул, сверун къараб заборалъул, лъим цIунулеб бакIалъул (50 м$^2$), насосалъулаб станциялъул (2), КТПялъул (комплесная трансформаторная подстанция), электропередачаялъул линиялъул, лъел 2 резервуаралъул (I00 м $^3$), бактерицидниyаб иццул, лъел трубабазул, сверун къаялъул ва цогидалъулги. Бихьизабуна киналго проекталда рук1арал рахъал тIуразарун ругин. Гьенибго лъазабуна росдал гIадамазул гьариялда рекъон подрядчикас проекталда гьоркьоре рачинчIелги хIалтIаби тIуразарунин.

Гьабураб хIалтIул цIех-рехал гьарулаго баянлъана хIалтIулъ гIоларел рахъалги рукIин, хIалтIизабизе объект кьелалде гьел тIагIинаризе хIажат букIинги бихьизабуна гьенибго. Жакъа къоялде унел руго госрегистрациялъул процедураби, хадуркkун рук1ине руго гьеб балансалде кьеялде руссарал хIалтIаби.

Хал гьаби лъугIун хадуб комиссиялъ данде росана ругел цо-цо захIмалъаби, гьел рарал рукIана квачараб заманалда лъим цIорочIого букIиналде руссарал, гIенеккана росдал гIадамазухъги.

Абизе ккола объекталъул рахъалъ бичIчIичIого букIараб росдал гIадамаз бичIчIизабунин, г1оларел рахъал гьеб бакIалдаго лъугIизарунин.

ДандчIвай ана пайдаяб куцалда.

# «Вакцинация от COVID-19”.

События последних дней оттеснили на второй план информацию о коронавирусной инфекции. Но пандемия всё ещё продолжается, она охватила большинство стран. На сегодня выявлено по нашей стране 51231 случаев заражения коронавирусом, это достаточно много. Наметилась тенденция к некоторому снижению заболеваемости, но «COVID-19», остаётся опасным заболеванием. Поэтому вакцинация является единственным надёжным способом избежать тяжёлого течения этого заболевания. Все существующие на данный момент вакцины от «COVID-19» двухфазные вакцины. То есть для максимальной защиты через определённое время требуется введение второй дозы, что позволяет сформировать более выраженный иммунный ответ и сохранить защиту на более длительный срок. Израильские учёные обнаружили, что уровень антител у привитых пациентов в 6-12 раз выше именно после получения второй дозы.

Эффективность вакцин главным образом оценивается по их способности предотвратить тяжелые симптомы. Вакцина предназначена для людей, не переболевших коронавирусом с целью предотвращения тяжёлого течения и возникновения различного рода тяжёлых осложнений. Есть несколько разновидностей вакцин от короновирусной инфекции: это и всем известный

Гам Кови Вак или Спутник Ви, ЭпиВакКорона и другие. Из иностранных вакцин известны вакцины Пфайзер, Астрозенека. В последнее время разработана на основе вакцины Спутник Ви и проходит испытания интранозальная вакцина. При любой вакцинации необходимо взвешивать возможные потенциальные риски. При наличии у пациента какого-либо хронического заболевания: будь то поражение печени, почек, сердечно – сосудистой системы, эндокринных нарушениях, психических заболеваниях, необходимо проконсультироваться с лечащим врачом и решать вопрос о вакцинации индивидуально. Противопоказаниями к применению вакцин являются: особая чувствительность к различным компонентам препарата, тяжёлые формы аллергических заболеваний, острые и хронические заболевания в стадии обострения, злокачественные новообразования, беременность и период лактации. Каких – то специальных обследований перед вакцинацией проводить не нужно. Перед прививкой пациента должен осмотреть врач. Измерить температуру, артериальное давление, осмотреть слизистые носа и горла, чтобы исключить острые респираторные заболевания, заполняется анкета.

Как правило у привившихся против коронавирусной инфекции ухудшения состояния здоровья не наблюдается. В отдельных случаях может быть небольшое повышение температуры тела, ломота в мышцах тела. небольшая боль в области инъекции. Все эти явления бесследно проходят. Каждому человеку необходимо заботиться о своём здоровье и помнить, что болезнь лучше предупредить!

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

# Проведение соревнований «Dagestan Wild Trail» обсудили в администрации

22 марта организацию спортивно-массового мероприятия «Dagestan Wild Trail» обсудили в администрации Унцукульского района.

На встрече присутствовали глава района Иса Нурмагомедов, его заместители, главный организатор и инициатор забега Антон Жилин, заместитель начальника управления реализации государственных программ, правового обеспечения и кадровой службы Министерства по туризму и народным художественным промыслам РД Наида Омарова, начальник ОМВД России по Унцукульскому району Эльдар Магомедов, главврач Унцукульской ЦРБ Айшат Магомедова, начальник ГАИ по Унцукульскому району Рамазан Магомедов и другие.

«Мы очень рады вас видеть вновь в нашем районе и готовы оказать вам всю необходимую помощь и поддержку в организации забега», - отметил Иса Нурмагомедов.

На встрече обсудили все организационные моменты, связанные с проведением мероприятия. Напомним, что трейловый забег проводится уже в третий раз. И это мероприятие привлекает участников со всей России.

По словам Антона Жилина, в этом году участие в соревнованиях по бегу по пересеченной местности примут более 1600 человек.

На забеге будут представлены 4 дистанции: 15 км, 35 км, 65 км, 120 км. Старт дистанций будет располагаться в селах Ирганай Унцукульского района, Гергебиль Гергебильского района, а также Куркли Лакского района.

Финиш всех дистанций запланирован в поселке Шамилькала. Было отмечено, что в дни проведения забега по маршрутам будут дежурить бригады Скорой помощи, полиция и волонтеры.

Забег состоится 26 и 27 марта 2022 года. Участие в нем могут принять все желающие старше 18 лет.

# ХIурматиял Грамотаби кьуна



Араб анкьалда лъай кьеялъул соналъул рамкаялда жаниб ва РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасул хIаракаталдалъун районалъул нухмалъулел щвана Рихьуни росдал школалде цIалулъ лъикIал хIасилал ругел цIалдохъаби кIодо гьари мурадалда. М. МухIамадовгун цадахъ рукIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов.

Гьениб ракI рагьун гьалбадерида дандчIвай гьабуна школалъул директор М. ХIасановалъул бетIерлъуда тIолабго коллективалъ. «Гьадинал тадбираз квербакъи гьабула учительзаби ракI унтун хIалтIиялъе ва цIалуде кIвар кьола цIалдохъабазги»,- ян абуна гьенив кIалъалаго ГI. МухIамадовичас. Гьединго жиндирго кIалъаялда гьес тIадчIей гьабуна «Лъимал нилъер букIинесеб бугин, гьел куцаялъе учительзабаз гьабулеб хIалтIиялъухъ нижер рахьалъ нужее ракI-ракIалъулаб баркала бугин». Коллективалъе хадубккунги лъикIал хIасилал гьарана гьес.

РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал кьуна республикаялъул конкурсалда «Права человека глазами ребенка»,-абураб темаялда хъвараб сочинениялъе 2 бакI щварай ГIабидат АхIмадовалъе, хIалтIи хъвалаго методикияб кумек гьабурал педагогазеги кьуна Грамотаби.

Хадуб школалъул хIалтIуе кьураб тIадегIанаб къиматалъухъ кIудияб баркала загьир гьабуна педагогазегун нухмалъиялъе школалъул директор М. ХIасановалъ.

Тадбиралда гьабураб лъикIаб хIалтIиялъухъ шапакъат щвана нашидал ахIулей Хадиджаеги.

Тадбиралъул хIаркатчагIаз бихьизабуна гьаб улкаялъего захIматаб заманалда гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялъе школалда кинабго гьабулеб бугилан.

Украина

# «Россиялъе, Ракълие ва Нилъергоязе гIоло»



I6 марталда районалда букIана «Россиялъе гIоло» «Ракълие гIоло», «Нилъергоязе гIоло» абурал Украиналда тIоритIулел хасал рагъулал операциязда хурхун Россиялъе кумекалъе тIоритIулел акциял. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана культураялъул отдел.

Украиналда фашизмагун ва нацизмгун рагъулел васазе кумек квер чIвай гьабизе бокьун гьенире ракIарун рукIана районалъул администрациялъул вакилзаби, лъай кьеялъул учреждениязул чIахIиял классазул цIалдохъаби. Къокъго абуни Шамильхъалаялъул, Рихьуни, Унсоколо №I ва №2 школазда цIалулел.

ГIахьаллъаразда цере патриотикияб каламгун кIалъана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, районалъул жамгIияб Палатаялъул пред. М. ГIабдулаев.

Киназего бокьун буго жидерго кумек-кверчIвай гьезие гьабизе.

Муниципалитеталда чанго флешмобал тIоритIана гьеб мурадалда, жеги хIисабалде росун руго нилъерго рагъухъаби ккеялъе батIи-батIиял акциял тIоритIизе. Гьенир киналго цIун руго лъикIабщинаб ккеялъул гьираялъ, нахъегIанаб рагъ багъарулезда ццим буго щивасул.

# ХIинкъи букIунгутIиялъе



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана терроризмалде, гьелъул идеологиялде данде чIараб семинар-совешание. Гьенир гIахьаллъана РДялъул БетIерасул кумекчи С. Сайпов, националияб политикаялъул ва диналда хурхарал суалазул Министерствалъул вакил ХI-М. Ражабов, РДялъул Муфтияталъул МугIрул районазул вакилзаби, росабазул бутIрул ва цогидалги гIадамал.

Семинаралда рагьараб гара-чIваригун бицана гьоркьоб лъураб суалалда хурхун, ай терроризмалде данде чIараб хIинкъи гьечIолъиялъе жеги кинабго гьабизе кколин. Гьединго кIвар буссинабуна семинар унаго рижарал суалазде. ГIадамал, объектал цIуни щибаб къойилаб ишлъун бихьизабуна. КIвар кьеялде босана НАКалъул ва РДялъул АТКялъул рекомендациял.

# Бергьенлъи босана



Шамильхъала поселокалъул ДЮСШалда тарбия щварав МухIамад ХIасанов гьал къоязда вахъана боксалъул рахъалъ Дагъистаналъул 2008-2009 саназда гьарурал гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал къецазда гIарцул призерлъун. Къецал тIоритIулел рукIана Госдумаялъул депутат ГIабдулхIаким ХIажиевасул призалъе гIоло.

МухIамад ХIасановасул тренер ккола Шамиль МухIамадов. Первенство унеб букIана Гъизилюрт шагьаралда.

РакI-ракIалъ баркула МухIамад Х1асановасда тIадегIанаб бергьенлъи!

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 22. 2022 г.
16.40
фактически -17. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.